



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PIBLIKASYON RAPÒ KOMITE KONSILTATIF SYANTIFIK SOU CHANJMAN KLIMATIK YO TE REKONVOKE A

Li Gen Ladan Rekòmandasyon yo pou Ede Gouvènman Lokal ak Eta a, Gouvènman Federal la, Plan Kominote yo ak Sektè Prive a pou Chanjman Klimatik la - Konsilte Rapò a [Isit la](#)

Gwoup Klima Edenpandan Gouvènman Federal la te Revoke a ke Gouvènè a Rekonvoke nan Diskou sou Eta Eta a an 2018

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Komite Konsiltatif Endepandan (Independent Advisory Committee, IAC) sou Evalyasyon Klimatik Aplike (Applied Climate Assessment) a ap pibliye yon rapò apre gouvènman federal la te revoke li an 2017, epi Gouvènè a te rekonvoke li an 2018. Rapò a gen Ladan rekòmandasyon yo pou ede gouvènman lokal ak eta a, gouvènman federal la, plan kominote yo ak sektè prive a pou efè chanjman klimatik yo.

"Pandan ke gouvènman federal la kontinye ap konteste chanjman klimatik a epi inyore bezwen ijan pou ranfòse rezilyans kominote nou an, Alyans sou Klima New York ak Etazini (U.S. Climate Alliance) ap pran mezi pou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ane pase nou te rekonvoke avèk fyète komite konsiltatif la pou atire atansyon sou katastwòf mondyal sa a, epi rapò sa a pral bay rekòmandasyon enpòtan pou kominote yo nan tout peyi a pandan nap travay pou adrese chanjman klimatik la."

"Nou angaje pou fè investisman yo kòm pati objektif enèji renouvlab agresif yo pou ede konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan gouvènman federal la pa abòde kesyon sa a sou chanjman klimatik la, New York ap pran mezi pou asire kominote yo prepare pran mezi pou adapte ak chanjman klimatik la. New York ap kontinye dirije nasyon nou an nan konba pou yon anviwònman pi pwòp ak pi vèt pou jenerasyon alavni yo."

Yo te konnen li avan kòm Komite Konsiltatif Federal pou Evalyasyon Klima Nasyonal Dirab (Sustained National Climate Assessment) la, Komite Konsiltatif Endepandan an gen ladanl syantifik ak ekspè yo ki gen responsab pou bay rekòmandasyon yo pou ede gouvènman yo, kominote yo, ak sektè prive a amelyore done ak mothòd analiz yo ki itilize nan planifikasyon pou efè chanjman klimatik yo. An 2018, Gouvènè Cuomo te rekonvoke komite a an kowòdinasyon avèk Alyans Sou Klima Etazini an pouke travay enpòtan li a te kapab kontinye san enjerans politik epi bay oryantasyon ki nesèsè yo pou adapte ak chanjman klimatik la.

Nan ane pase a, gwoup reskonstitye a, ki genyen 19 syantifik endepan ak ekspè nan politik epi ki gen nan tèt li Dr. Richard Moss ki soti nan Sosyete Meteyowolojik

Ameriken an (American Meteorological Society), te devlope on rapò ak rekòmandasyon yo pou ede desidè yo pi byen konprann efè chanjman klimatik yo sou kominote yo, epi pou evalye pi byen enfòmasyon ak plan yo kòm y ap prepare pou efè sa yo.

Komisè DEC a, Basil Seggos, te di, "Pandan gouvènman federal la ap kontinye volontèman inyore lasyans, New York ap pran mezi pou redui degajman gaz ki gen efè sè yo epi ogmante sous enèji ki pa gen kabòn yo. Komite Konsiltatif Endepandan an ap kontinye travay vital kontini li a nan konseye peyi a pou reponn ak defi yo sou klima a nan ranfòse rezilyans kominote nou yo. Efò New York yo pou redui degajman gaz yo epi akselere tranzisyon nou an pou enèji renouvlab la, pral benefisye Eta nou an avèk lè ki pi pwòp, redui depandans nou de kabiran fosil yo, epi ofri nouvo djòb pou Nouyòkè yo".

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Politik efikas gouvènman yo sou chanjman klimatik pa kapab devlope san aksè ak fè reyèl ak enfòmasyon ki baze sou done ak zouti disponib yo. Lè li rekonvoke komite konsiltatif syantifik sa a, Gouvènè Cuomo ap asire otorite gouvènman an, desidè politik yo ak piblik la genyen resous nesèsè yo pou aplike politik ki responsab epi konbat chanjman klimatik la avèk pi bon done ak enfòmasyon syantifik".

"Rapò Komite Konsiltatif Endepan an pwobableman pa t ap konplete si Gouvènè Cuomo pat avanse", **Richard Moss, Prezidan IAC a ak Otè prensipal rapò a te deklare.** "Nou remèsye li pou lidèchip li epi paske li pèmèt nou elabore nouvo kad sa a ak rezo sa a pou itilize lasyans pou adrese menas klimatik yo pou kwasans ekonomik lokal, enfrastrikti, ak sante piblik."

Rapò a, "Yon Konsòsyòm Sosyete Sivil la Pou Kondi Evalyasyon Chanjman Klimatik Aplike yo: Kolaborasyon ak Konsesans pou Afwonte Ris Klimatik" (A Civil Society Consortium for Conducting Applied Climate Assessments: Collaborations and Knowledge for Confronting Climate Risk), fè remake ke an 2017 sèlman, evènman grav yo ki gen rapò ak klima a te koute Etazini globalman 306.2 milya dola nan domaj yo, sa ki bat rekò depans anyèl 214.8 milya dola avan Etazini an 2005 - ane Ouragan Kartrina a. Rapò a tou fè remake ke [efò](#) siyifikatif ap fèt nan New York ak lòt kote, men efò mondyal yo, pou redui degajman gaz ki gen efè sè yo pap reyalize ase rapidman pou estabilize konsantrasyon atmosferik yo nan nivo sekirite yo.

Rekòmandasyon yo gen ladan etabli yon konsòsyòm endepandan fòmèl pou sèvi kòm sant enfòmasyon ak resous pou sipòte aktivite desidè politik Eta a ak lokal yo ak lòt ankò pou prepare pou yon chanjman klimatik. Konsòsyòm nan t ap ankouraje pwodiksyon enfòmasyon syantifik nesèsè pou planifikasyon chanjman klimatik la, devlope zouti ak pratik yo pou afwonte defi kemen yo kominote yo ap fè fas, etabli priyorite yo pou aksyon, ak fasilite pataj done ak enfòmasyon ki otantik. Anplis, rapò a rekòmande nouvo konsòsyòm sa a pou etann chan Evalyasyon Klima Nasyonal federal aktyèl la pou ajoute evalyasyon kalite ak efikasite enfòmasyon ak zouti yo k ap aplike pou enfòme adaptasyon ak mitigasyon sou chanjman klimatik la. Nouvo evalyasyon aplike sa a t ap idantifye pratik lasyans klima ki verifye yo, devlope done ak metòd definitif yo, epi bay kòmantè ak kominote rechèch la sou mank konsepsyon yo.

Komite Konsiltatif la idantifye sis opòtinite ki adrese bezwen espesifik epi/oswa pwofite metòd ak teknololoji pwometè yo. Opòtinite sa yo gen ladan evalyasyon enfòmasyon sou klima pou aplikasyon; evalyasyon opsyon adaptasyon ak mitigasyon yo; avansman sistèm endikatè klima yo; eksplwatasyon entèlijans atifisyèl; aplikasyon lasyans kominotè ak sitwayèn; ak itilizasyon metòd analiz jewoespasyal yo pou aksede ak tandans klimatik, enwiwòmantal, ak sosyoekonomik ki kwaze yo.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap pran mezi anbisyè pou reponn ak defi chanjman klimatik yo. 1e Jen 2017, lè gouvènman federal la te anonse entansyon li pou retire kò l nan Akò Paris (Paris Agreement) a, New York te mete ansanm ak California ak Eta Washington lan pou fòme Alyans sou Klima Etazini an pou mentni objektif akò a yo. Alyans sou Klima Etazini an te grandi pou gen ladan 22 Eta ak Pòtoriko, sa ki reprezante plis pase mwatye popilasyon nasyon an ak pwodui entreyè brit.

Pou ou aprann plis enfòmasyon sou travay Komite Konsiltatif Endepandan, vizite climateassessment.org.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)